РÆСТЗÆРДÆЙ ЦÆРÆГБÆЛ МÆНГАРД АДÆМИ ÆХСÆН УНГÆГИ БОН ИСКÆНУЙ!..



***Михаил САЛТЫКОВ-ЩЕДРИН (1826-1889): «Ирисхъи æверхъау азарæй махмæ еудадзуг уотæ рауайуй: ести хуарз гъуди нæмæ ку фæззиннуй æма ’й царди рауадзунмæ ку фæгъгъавæн, уæд æй кæронмæ рахъæртун кæнун нæ бон нæ бауй. Еци хуарз гъуди æвзарæ дæр нæма исуадзуй, уотемæй æй аллирдигæйти æзгелунтæ байдайунцæ. Æзгелгутæн ба сæ сæйраг нисан фæууй сæхецæн си естæбæл фæххуæст ун...»***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№13 (982) 2025 анзи 12 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман

РÆСТÆГУТÆ АДÆЙМАГÆЙ АРАЗГÆ НÆ ’НЦÆ, ФАЛ СИН АРГЪ КÆНУНÆЙ БА Е ÆЙ ИХÆСГИН...



ГУГКАТИ Чермени конд хузæ «Таурæхъ».

## ЕВГЪУД ÆЙ ИСОНИБОНИ БУНДОР!..

Ес уæхæн загъд: «Евгъуд кæмæн нæййес, уомæн исонибон дæр нæййес!..» Е раст æй. Æма ка куд зундгиндæр æй, уотæ евгъуд рæстæгути уæзгæдзийнадæ лæмбунæгæй рартасуй æма си хуарздзийнадæй ци фæууй, уонæй рæстмæ испайда кæнуй. Уотæ ба уæд уодзæнæй, æма еци рæстæгути æцæгдзийнадæ зонунгъон ку уæн, айдагъдæр уæд».

Уой лæдæргæй, фæстаг рæстæгути фулдæр æргом æздæхт цæуй историон зонундзийнадæ парахатдæр кæнуни гъуддагмæ. Уæлдайдæр ба – ирæзгæ фæлтæрти уобæл æхцул кæнунмæ. Уомæ гæсгæ, ахурдзау фæсевæди ’хсæн ци Еугуруæрæсеуон олимпиадитæ арæзт цæуй, уонæй еу æй историбæл. Уоми фæййархайунцæ нæ республики минæвæрттæ дæр, бавдесунцæ си хуарз зонундзийнæдтæ. Е æхцæуæн æй. Никки æхцæуæндæр ба ма е æй, æма историбæл аци анзи кæронбæттæни мадзæлттæ æрæги (3-10 апърели) арæзт æрцудæнцæ махмæ, Цæгат Иристони. Уонæми архайунмæ нæмæ 350 ахурдзауи æма сæ хæццæ, разамунд син ка дæттуй, уæхæн 150 ахургæнæги нæ бæсти алли регионтæй æрбацудæнцæ.

Мадзæлтти райдайæни игонгæнæн æмбурди архайдта нæ республики разамонæг æма æ радзубандий баханхæ кодта:

– Уæрæсей берæ адæмихæттитæ цæруй, кæрæдзей нимайгæй æма лæдæргæй. Гъе уомæй мах тухгиндæр ан. Аллихузон культуритæ нæ еумæ бæттунцæ. Сумах, нæ кæстæртæ, айтæ нæ бæсти федæн, сумах ин аразетæ æ истори. Махæн ес, берæ æности сæрти нæмæ ка æрхъæрттæй, уæхæн гъæздуг истори æма традицитæ, æма сæ гъæуама мах дæр багъæуай кæнæн, нæ фидтæлтæ сæ куд багъæуай кодтонцæ, уотæ. Истори æнцон наукæ нæй, фал ин бантæсæд берæ фæлварæнти сæрти бахезун. Уæлдай æхцæуæндæр ба е æй, æма аци олимпиади уæлахездзаутæн сæ бон уодзæнæй æнæ фæлварæнтæй ахур кæнунмæ бацæуун нæ бæсти цийфæнди уæлдæр ахургæнæндонæмæ.

2

ПОД ОСТРЫМ УГЛОМ



## СТРЯХНЕМ ЖЕ ПЫЛЬ С ЗАБЫТЫХ ИМЕН...

Так свою статью известный журналист и общественный деятель Олег Цаголов назвал неспроста. Есть вещи, о которых както не принято говорить публично. Между тем о некоторых из них следует не просто говорить, а надо, что называется, бить во все колокола. Потому что они определяют нашу нравственную состоятельность. Посмотрите, скажем, на наши погосты, особенно считающиеся уже закрытыми. Очень печальное зрелище. Между тем там покоятся те, кто в свое время по чести и совести служили народу, на чьих благих деяниях зарождалась наша сегодняшняя действительность... Не беспамятство ли предавать все это забвению?..

Вот о чем с печалью и тревогой размышляет Олег Цаголов в своей статье, которую публикуем на 7-й странице.

НОМЕРÆН



### «Æ ТÆРЕГЪÆДТÆЙ АБОНИ ДÆР ГЪÆУАМА КЪÆНДЗÆСТУГ УÆН...»

Куд адæмихатт, уотæ сæрбæрзонд кæмæй уæн, уæхæн растауйнæгтæ нæмæ минкъий нæййес. Фал уой хæццæ ба ма, исарази ибæл уотæ, ес нæмæ, æгириддæр сæрмæхæссуйнаг ка нæй, уæхæн «ацъагъуитæ» дæр – соцъа, соцъардауæ, гадзирахат... Æма сæ æхебæл гъезæмæрттæй ка бавзурста, уонæй еу адтæй **Бритъиати Зариффæ**, нæ национ драматургий бундорæвæрæг Бритъиати Елбиздихъой кизгæ. Номдзуд театралон архайæг, нæ национ аййевади райрæзти сæрбæлтау уодуæлдайæй ка фæхъхъиамæт кодта, алæмæти хуæрзти ин ка бацудæй, еци рæстуод силгоймаг кедæр хахурти азарæй æгæрæй-æгæрдæр карз æфхуæрд æрцудæй... Фæстæдæр æй бæргæ исраст кодтонцæ, фал... Уоди гъæдгинтæ некæд исдзæбæх унцæ, цард-цæрæнбонти сæ рист не ’нцайуй... Уой туххæй æрмæг кæсетæ 6-аг фарсбæл.



### «ТÆККÆ ТАБУЙАГДÆР МИН ÆЙ УÆЛАХЕЗИ БОН!..»

Номдзуд æфсæддон архайæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр, артиллерий инæлар-майор **Карсанти Дриси фурт Хъазбеги**, дæ тугъдон цардвæндаги цаутæй дин тæккæ зæрдæбæлдаруйнаг кæци æй, зæгъгæ, ку бафæрсиуонцæ, уæд алкæддæр æ дзуапп уидæ: «Уæлдай табуйагдæр мин æй Уæлахези Бон!..» Æма е хумæтæги нæй, уомæн æма Устур Фидибæстон тугъди уодуæлдайæй фæхъхъазауат кодта Уæлахези сæрбæлтау. Æма си боз уогæй, сæрустурæй имисæн. Абони нин уомæн уæлдай ахсгиаг рæуагæ ес – Карсанти Дриси фурт Хъазбеги райгурдбæл 8 апърели исæнхæст æй финддæс æма фондзинсæй анзи (1910-1997). Уой фæдбæл æрмæг кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.

http://gazeta-digora.ru

E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Берӕфатерон хӕдзӕртти еумӕйаг есбойнадӕ бундоронӕй цалцӕги республикон программӕмӕ гӕсгӕ уой фӕдбӕл фарӕ гъудгонд гъӕуама ӕрцудайуонцӕ 53 хӕдзари. Уонӕй куститӕ кӕронмӕ ӕнхӕстонд ӕрцудӕнцӕ финддӕс хӕдзареми, фондземи – фӕуунтӕбӕл ӕнцӕ, иннетими гъӕуама аци анз фӕууонцӕ.***

**ДОН ДОНБӔЛ КУ ИСӔМБӔЛУЙ, УӔД Ӕ ТУХӔБӔЛ ТУХӔ ӔФТУЙУЙ!..**




# СӔЙРАГДӔР – РАВГИТӔЙ РАУОН-ЦИУОНӔЙ ПАЙДА КӔНУН

Ӕрӕгиг Республикӕ Цӕгат Иристон-Алани Хецауади Сӕрдари хуӕдӕййевӕг **Плати Альбинӕн** сахар Пятигорски адтӕй пресс-конференци регионалон информацион центр «ТАСС Кавказ»-и. Цӕгат Иристони Хецауади бӕрнон косӕг журналисттӕн радзурдта, регионы социалон политики уагӕвӕрдтӕ куд ӕнхӕстгонд цӕунцӕ, уой туххӕй.

Фембӕлди рӕстӕг ӕргом раздахтонцӕ берӕ ахсгиаг фарстатӕмӕ: ӕнӕнездзийнадӕ гъӕуайкӕнуйнади, ахуради, культури косӕндӕнтти цалцӕг ӕма арӕзтадӕ, медицинӕ ӕма иннӕ къабӕзти косгути кадавар, ирӕзгӕ фӕлтӕри профориентаци, ахурадон киунугутӕ ӕма уотӕ идарддӕр.

Плати Альбинӕ куд фӕббӕрӕг кодта, уотемӕй ӕнӕнездзийнадӕ гъӕуайкӕнуйнади къабази дӕр кадрти фарстай хӕццӕ ес тухстдзийнӕдтӕ. Ӕ дзубандимӕ гӕсгӕ, гъӕугӕ специалистти кадавар уӕлдай хъӕбӕрдӕр зиннуй идӕрддзӕф ӕма хуӕнхаг цӕрӕн бунӕтти уавӕрбӕл. Хецауади Сӕрдари хуӕдӕййевӕг куд загъта, уотемӕй фарста ралух кӕнунбӕл арӕзт цӕуй бӕлвурд мадзӕлттӕ.

Сувӕллӕнтти сӕрдигон фӕлладуагъди кампанибӕл дзоргӕй, Плати Альбинӕ фегъосун кодта бӕлвурд нимӕдзтӕ. Уотӕ сӕрдигон фӕлладуагъд ӕма ӕнӕнездзийнадӕ фӕффедардӕр кӕнуни мадзӕлттӕ рахъӕртдзӕнӕнцӕ 36 мин сувӕллонебӕл. Скъоладзаутӕ ӕма иннӕ ӕнагъонтӕ сӕ фӕллад кӕми ӕма куд уадздзӕнӕнцӕ, уобӕл нуртӕккӕ косунцӕ профилон республикон ведомствитӕ.

Фӕстаг рӕстӕг берӕ дзубанди цӕуй Иристони историй туххӕй нӕуӕг ахурадон пособитӕ бацӕттӕ кӕнунбӕл. Хецауади Сӕрдари хуӕдӕййевӕги дзубандимӕ гӕсгӕ, нуртӕккӕ кӕронмӕ фӕххӕстӕг кӕнуй Иристони историй нӕуӕг киунугӕ. Куд нисангонд цӕуй, уотемӕй нӕуӕг ахури анзи райдайӕнмӕ киунугӕ гъӕуама мухури рацӕуа. Уӕхӕн фӕткӕбӕл куст цӕуй ӕндӕр ахурадон литературӕбӕл дӕр.

Пресс-конференций архайгутӕ се 'ргом раздахтонцӕ Уӕлахези 80 анзей кадӕн мадзӕлттӕмӕ дӕр. Плати Альбини дзубандимӕ гӕсгӕ, Цӕгат Иристон ахедгӕ мадзӕлттӕ цӕттӕ кӕнуй Уӕлахези бӕрӕгбонмӕ. Уони 'хсӕн: ӕфсӕддон парад Дзӕуӕгигъӕуи, фембӕлдтитӕ Устур Фидибӕстон тугъди ӕма фӕскъилдуни фӕллойнӕгӕнгути хӕццӕ, патриотон акцитӕ «Ӕнӕмӕлгӕ полк», «Георгий лентӕ» ӕма «Сӕ цӕсгӕнттӕмӕ син бакӕсӕ», историон-рохситауӕн конференцитӕ, равдиститӕ…

Дзиллон информаций фӕрӕзнити минӕвӕрттӕ цӕмӕдесдзийнадӕ равдистонцӕ республики культурон цардмӕ дӕр. Культури къабази ахсгиагдӕр цаутӕбӕл дзоргӕй, Плати Альбинӕ куд бафеппайдта, уотемӕй Иристон ӕхе цӕттӕ кӕнуй дуккаг дуйнеуон театралон фестиваль «Вахтангов. Фидиуӕзӕгмӕ фӕндагбӕл»-мӕ. Еци агъазиау аййевадон мадзал уодзӕнӕй сӕрди, ӕ архайгутӕ уодзӕнӕнцӕ Мӕску ӕма ӕндӕр уӕрӕсейаг регионти зундгонддӕр театртӕ…

Фембӕлди рӕстӕг бунат адтӕй берӕ ӕндӕр фарстатӕн дӕр. Цӕгат Иристони Хецауади Сӕрдари хуӕдӕййевӕг байархайдта сӕ еугуремӕн дӕр лӕмбунӕг ӕма еугурвӕрсуг дзуӕппитӕ раттунбӕл.

**НӔ РӔСТӔГИ НӔУӔГДЗИЙНӔДТӔ НИН ФӔРРӔСТМӔ УӔНТӔ!..**

# РАЗМӔ КА ЦӔУЙ, ӔНТӔСГӔ ДӔР УОМӔН КӔНУЙ!..

«Иристони Намус»-и программӕ арӕзт ӕрцудӕй сӕрмагонд ӕфсӕддон операций архайгутӕй республики паддзахадон хецаудзийнадӕ ӕма бунӕттон хеунаффӕйади организацитӕ, уӕдта ӕхсӕнадон еугӕндтӕн дӕсни разамонгутӕ бацӕттӕ кӕнунӕн.

Куд ахсгиаг ӕй фарста, уобӕл дзорӕг ӕй, программи Ӕхсӕнадон совети сӕргълӕууӕг, нӕ республики разамонӕг **Сергей Меняйло** ке ӕй, е. Ӕ хуӕдӕййевӕг – республики Сӕргълӕууӕг ӕма Хецауади Администраций разамонӕг **Гобети Ибрагим**.

Уой фӕдбӕл исаразтонцӕ Ӕхсӕнадон совет, ӕ иуонгтӕй еу ӕй **Хетӕгкати Маринӕ** – паддзахадон фонд «Защитники Отечества»-йи цӕгатиристойнаг хайади разамонӕг.

– Республики ци ахурадон программӕ бацудӕй ӕ тухи, е ахсгиаг проект ӕй, ес ин устур ахедундзийнадӕ. Нӕ регионалон хайади нур дууӕ анзи косуй, еци рӕстӕгмӕ хуарз базудтан, сӕрмагонд ӕфсӕддон операций архайгутӕ ӕма ветерантӕ сӕйрагдӕр цӕмӕй тухсунцӕ, уони, се 'хсӕн – куст агорун ӕма дӕснийадӕ байййевуни фӕдбӕл ахурти фарстатӕ. Уомӕ гӕсгӕ, программи архайун сӕрмагонд ӕфсӕддон операций архайгутӕн хуарз фадуат дӕттуй бӕзгӕ куст иссерунӕн ӕма сӕ зонундзийнӕдтӕ фӕуурухдӕр кӕнунӕн. Программӕ ӕ тухи ку бацудӕй, уӕдӕй фӕстӕмӕ сӕрмагонд ӕфсӕддон операций архайгутӕ ӕма ветерантӕ агъаз истонцӕ нӕ фонди специалисттӕй. Ӕ архайгутӕн фадуӕттӕ искодтонцӕ техникон агъаз есунӕн, регистраци искӕнунӕн. Уомӕй син сӕрмагондӕй радех кодтонцӕ, компьютертӕбӕл интернетмӕ бахезунӕн кӕми адтӕй фадуат, уӕхӕн азгъунст, – зӕгъуй фонди регионалон хайади сӕргълӕууӕг.



Сӕрмагонд ӕфсӕддон операций ветерантӕ ӕма архайгутӕй курдиӕттӕ балӕвардтонцӕ 385 адӕймаги. Хетӕгкати Марини гъудимӕ гӕсгӕ, ес нифс федӕни сӕ алкӕмӕн дӕр ӕ бон ке бауодзӕнӕй царди ӕ бунат иссерун. Программи сӕйраг ихӕс ӕй дӕсни специалисттӕ бацӕттӕ кӕнун, гъуддагзонӕг разамонгутӕн паддзахадон хецаудзийнадӕ ӕма бунӕттон хеунаффӕйади оргӕнти кустӕн урух зонундзийнӕдтӕ раттун, уӕдта республики организацитӕ ӕма ӕхсӕнадон еугӕндтӕн разамонгутӕ бацӕттӕ кӕнун.

Нӕ рӕстӕги Фидибӕстӕ гъӕуайгӕнгутӕй рауайдзӕнӕй нӕуӕг дӕсни кадртӕ ӕма разамонгутӕ, бунӕтти косгӕй син нӕуӕг фӕлтӕртӕ гъомбӕл кӕнун ӕма нӕ паддзахади нӕуӕг истори финсунӕн уодзӕнӕй хуарз фадуат.

**АХСГИАГ ГЪУДДАГ**

## ЕВГЪУД ӔЙ ИСОНИБОНИ БУНДОР!..

Еу хатт ма уин уӕ зӕрдӕбӕл ӕрлӕууун кӕндзинан: олимпиади уӕлахездзаутӕ ӕма дипломтӕ ка райса, еци ахурдзаутӕн цуппар анзей дӕргъи барӕ уодзӕнӕй Уӕрӕсей раззагдӕр университеттӕ ӕма институттӕмӕ сӕ профильмӕ гӕсгӕ ӕнӕ фӕлварӕнтӕй бацӕуунӕн.

Олимпиади архайгути номбӕл Уӕрӕсей рохсади министр **Сергей Кравцов** исӕрвиста арфи финстӕг, кӕцими син зӕрдиагӕй райарфӕ кодта: «Хъазар архайгутӕ ӕма иуазгутӕ! Уӕрӕсей Рохсади министради номӕй уин арфӕ кӕнун, скъоладзаути Еугуруӕрӕсеуон олимпиади кӕронбӕттӕни ке архайетӕ, уой фӕдбӕл. Е ахсгиаг къӕпхӕн ӕй уӕ ахури надбӕл. Сумах абони ами айтӕ уӕ хъаурити фӕрци. Уӕ зонундзийнӕдтӕ историмӕ уарзондзийнадӕ, нӕуӕгдзийнӕдтӕ базонунмӕ тундзундзийнадӕ мах разӕнгард кӕнунцӕ, цӕмӕй идарддӕр дӕр фӕсевӕди ителлектуалон гъомуси ирӕзтӕн мадзӕлттӕ аразӕн. Аци олимпиади ци ӕнтӕстдзийнӕдтӕ равдесайтӕ, етӕ 'нцӕ уӕ архайд ӕма тундзундзийнади фӕстеугутӕ. Уӕлдай арфӕ кӕнун, олимпиадӕ ка бацӕттӕ кодта, уонӕн. Иуазӕгуарзагӕ Цӕгат Иристон сӕрустур ӕй ӕ гъӕздуг истори ӕма дессаги рӕсугъд ӕрдзӕй. Аци бунат зундгонд ӕй айдагъ ӕ бӕрзонд хуӕнхтӕ ӕма арф кӕмттӕй нӕ, фал ӕ культурон бунтӕй дӕр. Уони бунӕттон цӕргутӕ багъӕуай кодтонцӕ ӕма фӕххастонцӕ ӕности сӕрти. Дзӕуӕгигъӕу уӕхӕн сахар ӕй, ӕма си рагон традицитӕ ӕнгом баст ӕнцӕ нуриккон технологити хӕццӕ. Ӕрдзӕ ба нин хӕссуй циййнӕдзийнадӕ ӕ рӕсугъддзийнадӕй. Мӕ зӕрдӕ уин зӕгъуй ӕнтӕстдзийнӕдтӕ олимпиади кӕронбӕттӕн къӕпхӕни.

Ци мадзали кой кӕнӕн, е кӕстӕртӕн арӕзт ке 'рцудӕй, уомӕй ӕ ахедундзийнадӕ уӕлдай агъазиау ӕй. Уомӕн ӕма нуртӕкки ӕзмӕнст рӕстӕгути фулдӕр архайун гъӕуй нӕ ирӕзгӕ фӕлтӕрти рӕстмӕ гъомбӕл кӕнунбӕл, цӕмӕй уонцӕ Фидибӕстӕбӕл ӕновуд, ӕ сӕрбӕлтау рӕстуодӕй архайунгъон уонцӕ. Е уойййасӕбӕл ахсгиаг ӕй, ӕма ибӕл еудадзуг архайгӕ 'й, гъӕуй нӕ гъӕуй рагъӕвзарӕ си нӕ кӕнгӕй, уомӕн ӕма гъуддаги хуарзӕн цидӕриддӕр бӕззуй, уонӕй гъӕуама пайдагонд цӕуа. Уой фӕдбӕл нӕ газети мухургонд ӕрцӕуй хецӕн ӕрмӕгутӕ, ӕнцӕ абониккон номери дӕр, уӕдта сӕмӕ ӕргом ӕздахдзинан идарддӕр дӕр.

**) Аци бон, 12 апърели бӕрӕггонд цӕуй авиаци ӕма космонавтики Еугурдуйнеуон Бон. 1961 анзи 12 апърели советон тӕхӕг-космонавт Юрий Гагарин дуйней еугурей разӕй истахтӕй космосмӕ.**

*Аци анз бундорон цалцæггонд гъæуама æрцæуонцæ 72 берæфатерон хæдзарей еумæйаг есбон. Куст цæуй хæдзæртти лифттæ нæугутæй æййевунбæл – аци анз сæ гъæуама байййевонцæ 34 хæдзареми, 2030 анзи уæнгæ ба æййивд æрцæудзæнæнцæ еугур лифттæ дæр.*



Дзæуæгигъæуи ци Китайаг фæзæ ес, уоми ба Китайаг бархеуонтæн агъазиау църтдзæвæн, уой айдагъ Иристонæн æхеми цæргутæй нæ, фал нæ республики сæйраг сахари æндæр рауæнтæй уæддæр еу хатт иуазæгуати ка адтæй, уонæй æй ка нæ зонуй, уæхæн, махмæ гæсгæ, нæ разиндзæнæй. Фал уотæ цæмæн хуннуй аци фæзæ, уæдта, църтдзæвæн си кæмæн æвæрд æй, еци китайаг бархеуонтæ ка адтæнцæ, уой ба, æвæдзи, еугурæй нæ зондзæнæнцæ. Гъе уомæ гæсгæ мухур кæнæн уой фæдбæл мæнæ абони æрмæг. Уомæн нин бæлвурд равгæ дæр ес. Хуæрзæрæги исæнхæст æй фондз æма æртинсæй анзи аци фæзи църтдзæвæн æвæрд ку 'рцудæй, уобæл. Æма бунати уодзæнæй, ке кадæн æвæрд æрцудæй, уой æрмисун дæр. Уой туххæй испайда кæндзинан, уони туххæй профессор, историон наукити доктор Березти Батраз æ рæстæги ци уац нифинста, уомæй.

* * *

Уотæ рауадæй, æма евгъуд æноси райдайæни Уæрæсей нæуæг цардарæзт æрфедар кæнуни сæрбæлтау тохи цаутæ æма хабæртти архайгутæ иссæнцæ, еци рæстæгути ами цæргæ кæмæн рауадæй, еци фæсарæйнæгтæй беретæн дæр. Уотæ, хуæздæр цардиуагæ агоргæй, Китайæй Уæрæсемæ ка 'рбафтудæй, еци нæлгоймæгтæ дæр.

Æгæрон Уæрæсей алли къумти ка ниппурхæ 'й, еци китайаг косгутæ исфæндæ кодтонцæ байеу ун. Октябри революций фæуæлахези фæсте тæккæ фиццаг бæнтти арæзт æрцудæй «Китайаг косгути Цæдес», бацудæй имæ 50 мин адæймагемæй фулдæр. Цæдес кодта берæвæрсуг идейон-политикон æма организацион куст – уагъта журналтæ, брошюритæ æма сæ хæлеу кодта æндæр бæститæй æрбаледзгути 'хсæн.

Владикавказаг китайæгти революцион къуар арæзт æрцудæй Терки Адæмон Комиссарти Совети сæрдар Ной Буачидзей хъæппæресæй. Бацудæнцæ имæ, Теркаг республики ка адтæй, уæдта ма ардæмæ Украинæй иссæуæг китайæгтæ. 1918 анзи июни си адтæй 300-350 тугъдони æма си искодтонцæ батальон. Æ дууæ ротæмæн командиртæ адтæнцæ Лю Фа Ляй æма Лю Си, батальони командирæй ба исæвардтонцæ коммунист Пау Ти Сани. Уруссагау æй худтонцæ Костя дæр. Адтæй Китайи Мунден, зæгъгæ, рауæнæй рацæугæ. Хуæрзсабийæй байзадæй седзæрæй æма 1905 анзи уруссаг афицертæй Маньчжурийæй нæ бæстæмæ ка æздахтæй, уонæй еу аци минкъий биццеуи æ хæццæ ракодта. Æрбаласта 'й Тифлисмæ, уоми Пау-ти-Сан гимнази каст фæцæй. Революций уолæн æй æхердигæй фæккодта, æма иссæй æновуд большевик.

Китайаг къуар адтæй æригон Теркаг республики гæрзефтонг къуæртти тæккæ гъæддухдæр æма зæрдæдаргæдæр. Æ барæ ин бакодтонцæ тохæнгæрзти арсенал, вагзал, банк, хецауадон косæндæнттæ гъæуай кæнун. Дæс æма инсæй анздзуд Пау Ти Сан разиндтæй хуарз гъомбæлгæнæг, организатор æма адтæй нимади лæг. «Æмбал Пау Ти Сан адтæй



# СÆ ХЪАЗАУАТ ИРОНХ НÆЙ...

## КИТАЙАГ БАРХЕУОНТÆН ЦÆМÆ ГÆСГÆ КАДÆГОНД ЦÆУЙ ИРИСТОНИ

нæ партий иоунг æма иннæ китайаг æмбæлттæй хецæн кодта, уруссаг æвзаг хуарз ке зудта æма ахургонд ке адтæй, уомæй. Хуарз командирмæ адтæй организатoрон арæхстдзийнадтæ, тугъдон зонундзийнадтæ, революцибæл адтæй еузæрдиуон», – финста Терки республики раздзæуæг тугъдон архайгутæй еу А.З. Дьяков.

Китайаг къуари тугъдон æма политикон менеугутæ рабæрæг æнцæ саугæнгæ 1918 анзи июли Мæздæги, Нальчикки æма Прохладныйи алфамбулайти инæлар Бичерахи-фурти контрреволюцион æрдонгти нихмæ ци тох цудæй, уоми. Уæлдай карз фæлварæн син иссæй 1918 анзи Деникини æфсад Цæгат Кавкази зингæ хай ке байахæста, е. Уомæ гæсгæ фæттухгиндæр æй бунæттон контрреволюций тухти архайд, уой хæццæ ба Теркаг зилди дæр. Фæззиндтæнцæ революцион хецауадæ рагæлдзуни æма большевиктæн фудмиутæ бакæнуни фæндæ архайгутæ. Уони хъæппæресæй исистад нисангонд цудæй Владикавкази дæр. «Владикавказ æй Сурх Æфсади сæр – Советон хецауадзийнадæ æма Адæмон Комиссарти Совет, – нимадтонцæ контрреволюций штаби. – Уоми 'нцæ æхца геппи уадзæн дæр, æфсади базæ дæр. Бæлвурд æй, Владикавказ ниццæвун ке амонуй большевикти сæр ракъуæрун...»

Исистад райдæдта æмбесæхсæвæ.

Сахари астæу базмалдæнцæ сахар гъæуайгæнгути къуæрттæ, сахаргæрæнтти – Уæллаг Ири æма Владимираг слабодкитæ. Минкъий идарддæрæй сахармæ æрбансастонцæ хъазахъæгтæ Тарскийæй, Æрхонкæй ба контрреволюционер Бичерахи-фурти æрдонгтæ.

Гъуддаг æвеппайди ке 'рцудæй, уомæ гæсгæ æзмæнтгутæн бантæстæй хецауадон косæндæнттæ, пост байахæссун, хецæн къазармитæбæл æртумбул æнцæ, Терки сæрти хедтæ байсун. Байеудагъ æй цауæн комиссартæбæл, революций фудголтæ марун райдæдтонцæ советон, партион æма æфсæддон косгути.



Пау Ти Сан (галеуæрдигæй).

Сахари революцион æфсæдти штаб китайаг тугъдонтæн бабарæ кодта хъæбæр ахсгиаг ихæс – Госпитæли гъæунгæ гъæуай кæнун. Уобæлти цудæй над заводтæмæ, вагзалмæ æма вагæнттæ цалцæггæнæн æрмадзитæмæ, тугъдон базитæмæ.

Знаг еугур тухтæ дæр исаразта Госпитæли гъæунгæ гъæуайгæнгути нихмæ. Китайаг бархеуонтæбæл цудæй устур зиантæ, фал еунæг метр дæр фæстæмæ нæ рацудæнцæ.

Еуæндæс бони тогкалæн тугъдтити фæсте Владикавкази уорсгвардион исистад дæрæнгонд æрцудæй. Г.К Орджоникидзе райарфæ кодта китайаг къуарæн сæ бæгъатæрдзийнади туххæй.

Ноябри кæронмæ еугур Цæгат Кавкази дæр уавæр нæуæгæй фæллæгъуздæр æй. Деникини æфсад рахъæрттæй Терки республики арæнтæмæ. Январи кæрони ба инæлартæ Ляхови æма Шкурой æфсæдтæ сæ æверхъау миутæ кодтонцæ Иристони, тæссаг адтæй Владикавказæн. Кæд æма знагмæ фулдæр тухтæ адтæй, кæд æма æверхъау тиф еуæндæсæймаг Æфсади байзæдтæгтæбæл бацæфстæй, тохæнæрмæг нæ фагæ кодта, уæддæр æхсаргинæй тох кодтонцæ. Уотемæй сахари алливарс райеудагъ æнцæ карз тугъдтитæ æма рахъæрттæнцæ февраля кæронмæ.

Еци тухст рæстæги китайаг къуарæн сурх командирти скъолай къурсантти хæццæ еумæ ихæсгонд æрцудæй: гъæутæ Базоркини, Назрани 'хсæн нæдтæ гъæуай кæнун æма знаги бæхгин æфсад сахармæ цæгат-скæсæнæрдигæй не 'рбауадзун.

Ами китайаг тугъдонтæ æма къурсанттæ дзæвгарæ рæстæги дæргъи нихкъуæрд лæвардтонцæ уорсгвардионти æнæнинцайгæ нимпурститæн. Сæ бунатæй нæ рандæ уогæй, етæ берæ сурхæфсæддон хæйттæн равардтонцæ Грознамæ, уордигæй ба Хъизлармæ, Астрæханмæ рандæуни фадат. Уордæмæ рандæй китайаг къуар дæр. Ами архайдта Хонсар фронти Деникини нихмæ историон тохи.

* * *

Медбæсти тугъд ку фæцæй, уæд китайаг бархеуонтæ тугъдон гъуддæгутæй рахизтæнцæ æма байдæдтонцæ архайун нæуæг цардарæзти гъуддæгути. Кадæртæ цæргæ байзадæнцæ Иристони, кадæртæ ба си рандæнцæ бæсти алли рауæнтæмæ. Зæгъæн, Пау-ти-Сан тæлмацгæнæгæй куста Киеви æфсæддон командирти скъолай, цардæй Мæскуй дæр.

Фал уæддæр иронхæй ба нæ байзадæй сæ хъазауатон тох. Дзæуæгигъæуи нæуæг фæзæ исхудтонцæ Китайаг, 1960 анзи 9 апърели си китайаг тугъдонтæ-интернационалистти кадæн æвæрд æрцудæй федауцæ бæрзонд църтдзæвæн.

...Рæстæгутæ хаттæй-хатт уæхæн фудзæрдæ разиннунцæ, æма бафхуæрунцæ айдагъ хецæн адæймæгути нæ, фал ма саугæнгæ æгомуг църтдзæвæнти дæр. Уотæ æ рæстæги рауадæй Китайаг фæзæ æма ами æвæрд църтдзæвæни уавæр дæр. Цæветтонгæ, Никитæ Хрущев нæ паддзахади сæргъи ку 'рлæудтæй, уæд хъæбæр ниххæлхъойтæ 'нцæ Китай æма Советон Цæдеси 'хсæн рахастдзийнадтæ.

Раст еци рæстæгути Хрущев исфæндæ кодта Цæгат Иристонмæ иссæун, æма æ еци балций гъуддæгутæ аразгутæ Мæскуй ку базониуонцæ, Дзæуæгигъæуи еу фæзæ Китайаг кæ хуннуй, уой хæццæ ба ма си æвæрд ке ес китайаг тугъдон-интернационалисттæн църтдзæвæн. Æма цъеувæдес исаразтонцæ. Партий Цæгат Иристони уæди фиццаг секретарь Хъæбæлоти Билар куд имисидæ, уотемæй имæ ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Сæрдар Николай Подгорный хъæбæр тингунæй исдзурдта, гъома, уе 'смотæнтæ бустæги нецибал æртасунцæ, циуавæр Китайаг фæзæ æма циуавæр църтдзæвæн китайæгтæн. Хрущев уой ку базона, уæд тъагъитъайлаг мæститæ исараздзæнæй. Ци гæнæн ма адтæй нæ республики разамундæн!.. Фæзæн уайтæккædæр февардтонцæ нæуæг ном – Революций фæзæ; църтдзæвæнбæл финстæй æндæгонд æрцудæй дзурд «китайаг»...

Дессаг ба е æй, æма Хрущев Дзæуæгигъæуи аци фæзæбæл æ хуæдтолги рацæуæгæй нæдæр ин æ номбæл, нæдæр ба църтдзæвæнбæл бафарста...

Адæм ба, кæд аци фæзæн нæуæг ном лæвæрд æрцудæй, уæддæр æй раздæрау худтонцæ Китайаг. Æма, æвæдзи, уомæ гæсгæ евгъуд æноси кæрони фæзæн раздахтонцæ æ раздæри ном – Китайаг, църтдзæвæнбæл финсти дæр нæуæгæй физзиндтæй дзурд «китайаг».

Дзæуæгигъæуи бунæттон хеунаффæйади администрацийæн ихæсгонд æрцудæй, цæмæй китайаг бархеуонти църтдзæвæнтæмæ æма фæзæмæ сæ цæстæ даронцæ.

Нæкæси, 2013 анзи нæ республикæмæ 'рбацудæнцæ Уæрæсей Федераций китайаг минæвайради иоунгтæ. Æма Дзæуæгигъæуи Китайаг фæзи китайаг бархеуонтæн църтдзæвæни хæццæ æвæрд ке ес, уой базонгæ сæ бафæндадтæй уой сæхе цæстæй фæууинун. Уæхæн равгæ иуазгутæн исаразтонцæ, æма син хъæбæр æхцæуæн адтæй, фæзæ æма църтдзæвæни бакаст аййев æма хуæрзэилдæй ку фæууидтонцæ, уæд е.

**) Астинсæй анзей размæ (1945 анзи 13 апърели) 3-аг æма 2-аг Украинаг фронтти æфсæдтæ, Дунайаг флотилий хæццæ æмархайд кæнгæй, немуцаг-фашистон æрдонгтæй исуæгъдæ кодтонцæ Австрий сæйраг сахар Венæ.**

*Устур Фидибæстон тугъди нæ Цитгин Уæлахези 80 анзей бони кадæн Дзæуæгигъæуи райдæдта акци «Уæлахези арт». Аци арфиаг æргъудидзийнадæ исцардгъон æй нæ республики сæйраг сахари 11-аг скъолай 11 «б» къласи ахурдзаути хъæппæресæй. Етæ Дзæуæгигъæуи Намуси мемориали Æносон артæй иссугътонцæ «Уæлахези арт», æма ’й лампади хурфи сæ уарзон скъоламæ ’рбахастонцæ.*



# «ТÆККÆ ТАБУЙАГДÆР МИН ÆЙ УÆЛАХЕЗИ БОН...»

Карсанти Дриси фурт Хъазбег райгурдæй 1910 анзи 8 апърели Елхотти. Ами ибæл райевгъудæнцæ æ сабийбонтæ. 1926 анзи каст фæцæй скъола. Еци æнзти парти уотæ фæдздзурдта: «Бæстæ раййевæн индустриализаций рельситæмæ!» Сæдæгай гъæуккаг лæхъуæнтæ рандæнцæ промышленнон кустуæттæмæ æма арæзтæдтæмæ. Косунмæ рандæй Карсанти Хъазбег дæр. Куста Беслæни нартихуари комбинати. Дæснийадæ имæ нæ адтæй, кодта аллихузон агъазадон куститæ. Куста дусвæлдæхтæй, сауæнгæ ма имæ грамотæ дæр æрхаудтæй. Фæстæдæр æй рарвистонцæ Гизæлдони гидроэлектростанций арæзтадæмæ.

Уæдмæ æ райгурæн гъæуи цардарæзти берæ зæрдæмæдзæугæ æййивддзийнæдтæ фæззиндтæй, аразун си байдæдтонцæ еумæйаг хæдзарадæ (колхоз), исхудтонцæ ’й «Нæуæг Елхоттæ». Раст еци рæстæг, 1930 анзи, Хъазбег дæр æрæздахтæй æ фидиуæзæгмæ. Кустагор ку бацудæй колхози сæрдармæ, уæд ибæл е хъæбæр бацийнæ кодта, æ зæрдæмæ фæццудæй фæллойнæмондаг, зæрдæргъæвд æма хуæрзæгъдау лæхъуæн, æма ин бабарæ кодта будурикустгæнæг бригади сæргъи æрлæуун. Æ кустадон ихæстæ куд æнхæст кодта, уомæй си колхозонтæ дæр æма хæдзаради разамунд дæр арази адтæнцæ... Æхе зæрдæмæ дæр цудæй куст, фал ин уæддæр цидæр ба нæ фагæ кодта – рагæй дæр имæ адтæй сосæг бæлдæ – æфсæддон, сурх командир исун. Æ еци бæлдæ ’й æнцад нæ уагъта, æма адтæй нæ адтæй, уæддæр æ исæнхæст кæнуни фæндæй 1932 анзи ахур кæнунмæ бацудæй Мæскуй Л.Б. Красини номбæл артиллерион училищемæ.

Каст æй фæцæй 1934 анзи фæззæги, æма ’й рарвистонцæ Ленинградмæ хæстæг сахар Пушкини ка æрбунæттон æй, еци 1-аг артиллерион полкмæ, уоми ба ’й иснисан кодтонцæ батарейтæй еуей взводи командирæй.

Æригон афицер тугъдон ардбахуæрд райста 1939-1940 æнзти зумæги Карели зæнхкъобали уорсфиннæгти нихмæ тугъди. Уæд архайдта, историй Маннергейми номæй ке зонунцæ, еци агъазиау федар ханхæ батонунбæл тугъдтити. Æдæрсгæ бæгъатæр арæхстгинæй равдиста уоми æхе. Уомæн бæлвурд æвдесæн æй, хуæрзеуæг ин раттуни туххæй е ’фсæддон разамунди бацæттæгонд гæгъæдий финст: «Старший лейтенант Карсанов за весь период боевых действий в борьбе с белофиннами проявил героизм, мужество и отвагу. Служил примером героизма не только для личного состава артиллерийского полка, но и для стрелковых частей, которых поддерживала его батарея. Командуя батареей большой мощности, под ружейно-пулеметным огнем разведал и разрушил несколько каменно-земляных и железобетонных сооружений, обеспечив тем самым успешное продвижение нашей пехоты...», «разведал и разрушил». Ке зæгъун æй гъæуй, æнцонтæй нæ бафтудæнцæ къохи. Знаги римæхст доттæ æма дзоттæ нæмгути къæр-къæр æма скъотти буни хъæбæр зин иссерæн адтæнцæ, гъудæй уодуæлдай бæгъатæрдзийнадæ, уæдта хъæбæр дæсни артиллерист ун. 1940 анзи 7 апърели ССР Цæдеси Сæйраг Совети Указмæ гæсгæ Карсанти Дриси фурт




**Карсанти Хъазбег æ рæстæги бацæттæ кодта æ имисуйнæгти киунугæ «Огонь ведут гвардейские минометы». Уагъд æрцудæй ССР Цæдеси гъæуайкæнуйнади Министради æфсæддон рауагъдади 1982 анзи.**

Хъазбегæн еци тугъди бæгъатæрдзийнадæ æма лæгдзийнадæ равдесуни туххæй лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри кадгин ном. Уæди уæнгæ уæхæн ном ирон адæмæй райста айдагъдæр Остати Алексей, Хъазбег адтæй дуккаг.

Устур Фидибæстон тугъд Карсани-фурти æрæййафта М.В. Фрунзей номбæл Æфсæддон академий ахур кæнгæй. Цæмæй æй фронтмæ рарвистайуонцæ, уой туххæй цалдæр хатти курдиадæ балæвардта æ уæлдæр æфсæддон разамундмæ, æма етæ дæр æрæгиау исарази ’нцæ æ хæццæ. Гъе уотемæй балæудтæй Мæску гъæуайгæнгути фарсмæ, иснисан æй кодтонцæ уæди рæстæги тæккæ цæмæдесагдæр артиллерион тохæнгарз «Катюша»-ти гвардион дивизиони командирæй.

Номдзуд «Катюша»-ти туххæй минкъий финст не ’рцудæй мухури фæрæзнити, рацудæнцæ хецæн киунугутæ дæр. Фал си цæмæдæр гæсгæ, куд гъæуй, уотæ ахид ба сæрмагондæй нæ фæууй Карсани-фурти кой. Е раст ке нæй, уомæн æрхæссун æнгъезуй берæ дæнцитæ. Зæгъæн, аци номдзуд тохæндзаумау исаразунбæл дууинсæй анзи ку исæнхæст æй (1981 анзи), уæд нæ бæсти сæйрагдæр æфсæддон газет «Красная звезда» аци ахсгиаг цауи туххæй радзорунæн сæрмагондæй байагурдта Карсанти Хъазбеги. Æ дзубанди ин ниффинста зундгонд æфсæддон журналист. Уотемæй уæд мухургонд æрцудæй аци газети. Æма си мах дæр абони пайда кæнæн, махмæ гæсгæ, Карсани-фуртæн æхе зæгъуйнæгтæ рæстмæдæр уодзæнæнцæ.

– Куддæр тугъд райдæдта, уотæ нин нæ къурс еугурæй дæр Мæскумæ рарвистонцæ. Ами мæ рарвистонцæ 1-аг гвардион минометæйæхсæг полкмæ штаби сæргълæуууæги хуæдæййевæгæй. Æргом ку зæгъон, уæд мæ еци кусти бунат бустæги хъæбæр нæ цудæй мæ зæрдæмæ, – зæгъуй Карсани-фурт. – Æз комкоммæ тугъдон гъуддæгути архайун ахур адтæн æма мин штаби мæ куст бустæги зæрдæмæдзæугæ нæ адтæй.

Уогæ уой дæр зæгъун гъæуй, æма уæди уæнгæ реактивон тохæнгæрзтæ мæ зæрдæмæ уоййасæбæл нæ цудæнцæ. Æнæхæтæл дзармадзантæ ци хузи æма куд гъæуама æхсонцæ, уой æнхæст нæ лæдæрдтæн. Фал куд æхсунцæ, уой фиццаг хатт ку фæууидтон, уæдта мæ гъуди цæхгæрæййивд ракодтон. Баруагæс ми æй, нæуæг тохæндзаумауæн ци исонибон ес идарддæри архайди, уой устур нисанеуæг.

Уæцхæссæг æ финст æрмæги куд баханхæ кодта, уотемæй Карсани-фурти хæццæ сæ дзубанди цудæй Ф.Э. Дзержинскийи номбæл академий музейи. Инæлар еу усмæ нигъгъос æй, æ рази ци къохфинститæ адтæй, уонæмæ нимдзаст æй. Уæдта бабæй æ зæгъуйнæгти кой идарддæр кодта:

– Зæгъун мæ фæндуй, советон адæм фуруарзонæй «Катюша» ке худтонцæ, гитлеронтæ ба «зиндони машинæ» кенæ «æрра батарейæ», уой туххæй. Еци мæлæтхæссæг тохæндзаумау Советон Цæдеси фæззиндтæй Фидибæстон тугъди хуæдразмæ, цæмæй æй уадзун райдæдтайуонцæ, уой туххæй партий Центрон Комитети Политбюро æма ССР Цæдеси Адæмон Комиссарти Совет сæрмагонд Унаффæ рахастонцæ 1941 анзи 21 июни.

**– Циуавæр адтæй уогæ еци тохæндзаумау?**

– БМ-13, æвæрд цудæй ЗИС-5, зæгъгæ, хуæдтолгæбæл. Ефтигъд уидæ, æ калибр 132 миллиметри кæмæн адтæй, уæхæн æхсæрдæс æхсæн ракетитæй. Ракети уæзæ – цуппар æма дууинсæй кили – тахтæй 8500 метрей уæнгæ. Æ фехсунбæл кустонцæ авд æфсæддони, цуппар-дæс минутти сæ гъудæй айдагъдæр, цæмæй «Катюша» нæуæгæй цæттæ адтайдæ знаги дæрæн кæнунмæ. Хуæдтолги къæбинæй æй аразтонцæ, кумæ гъудæй æхсун, уордæмæ. Сахатмæ ин æнтæстæй дæс хатти фехсун.

Капитан И. Флеров разамунд кæмæн лæвардта, еци æфсæддон хай сахар Орши алфамбулай тугъдтити рæстæг фиццаг хатт куд испайда кодта еци тохæндзаумауæй, уой туххæй берæ финст æрцудæй, æма еугур еци æвдесæнтæй мæ фæндуй æрхæссун мæнæ ауæхæн æвдесæн: «Еци æхстити фæсте, игъосун кодта Советон Цæдеси Маршæл С. Тимошенко Уæлдæр командæкæнуйнади Ставкæмæ, знагæн уойбæрцæбæл зæрандзийнадæ хаст æрцудæй æма бони дæргъи сæ мард æма цæф æфсæддонти ластонцæ, æнæгъæнæ суткæ сæхе æрлæдæрунгъон нæбал адтæнцæ...»

**– Еци тохæндзаумау «Катюша» цæмæ гæсгæ исхудтонцæ?**

– Е дин фарста, – медбилти бахудтæй Хъазбег Дриси фурт. Æцæгæйдæр цæмæн? Еци рæстæг хъæбæр зундгонд адтæй зар «Катюша». Фал мæ дзуапп æнхæстдæр уодзæнæй, уотæ ку зæгъон: аци тохæндзаумаубæл æвæрд адтæй нисан «К», Воронежи Коминтерни номбæл заводи уагъд ке цудæй, уомæ гæсгæ.

**– Æндæр заводтæ дæр ма уагътонцæ «Катюша»-тæ?**

– Мæскуй завод «Компрессор», Ленинградi К. Маркси номбæл завод. 1942 анзи уæнгæ не ’фсади адтæй мин уæхæн тохæндзаумауемæй фулдæр.

**– Фиццаг гвардион минометæйæхсæг полк ба куд арæзт æрцудæй?**

– Æмбурдгонд æрцудæй хъæбæр цубур рæстæгмæ. Дивизион куддæр банхæст уидæ адæм æма тохæндзаумауæй, уотæ æрвист æрцæуидæ тугъдмæ. Полкки командир майор В. Шмаковæн балигъстæ кодтон, цæмæй мæ дивизиони командирæй иснисан кæна, бауæндун æй кодтон, уотемæй нæ еумæйаг гъуддагæн пайдадæр уодзæнæй, штаби афицери бунати бадунæй.

**– Дæ дивизион знаги фиццаг цæф кæми никкодта?**

– Инæлар А. Городнянский разамунд кæмæн лæвардта, еци 13-аг æфсади исконди уогæй. Е адтæй гъæу Колоднайи рази. Фиццаг æнæуой дзармадзантæй фехститæ кодтан, уой фæсте ба, «Катюша»-ти ци дууадæс установки нæмæ адтæй, уонæй знаги еу цæф никкодтан. Еци усми уомæн – æ рæнгъонтæн дæр æма æ афицертæн дæр – сæ сæртæ разилдæнцæ, исæрра ’нцæ. Арти пеллон... Исрæмугъдтитæ... Зиндонæ...

*Идарддæр «Уæлахези арт» лæвæрд цæудзæнæй еу скъолайæй иннемæ. Æхцæуæн æй е, æма аци æнæмæнгæ ахсгиаг гъуддаг Цæгат Иристони райгурæй, æнæгъæнæ бæсти дæр æй ке бафæнзтонцæ, е. «Уæлахези арт» нæ республикæй идарддæр ма æнхæстгонд цæуй Мæску, Петербург æма саугæнгæ Идард Искæсæни дæр. Уотемæй Уæрæсей еугур скъолати дæр рацæудзæнæй уæхæн имисæн акци.*



Уой фæсте ба нæ багъудæй фæстæмæ рацæун. Еци ихæс исæнхæст кæнун æ къохи бафтудæй хестæр лейтенант Г. Фрингæн. Цалинмæ мах нæ комиссар Н. Ковалеви хæццæ нæуæг бардзурдтæмæ æнгъæлмæ кастан, уæдмæ ин бантæстæй нæ дивизион немуцаг-фашистон танкитæй тæссаг уавæрæй райеуварс кæнун.

Карсани-фурти радзубандимæ ма æнгъезуй уой бафтаун, æма айдагъ уæд знагæй фæгъгъудæй сæдæгай рæнгъонтæ æма афицертæ, аст танки æма инсæй хуæдтолги. 1941 анзи 13 ноябри Карсани-фурти дивизиони «Катюша»-ти æмæхстæй Скримианови алфамбулай бантæстæй нæ фестæгæфсæддонтæн сæ размæцудæн фæндон над байгон кæнун. Еци æмæхстæй фегуппæг æнгæ фашистти фæндитæ – етæ гъавтонцæ Скримианови 'рдигæй Волоколамски сосе надмæ байервæзунмæ.

Мæскуй бунмæ тугъдтити Карсани-фурти тугъдонтæ куд æхсаргинæй фескъуæлхтæнцæ, уой туххæй 16-аг æфсади артиллерийæн командæгæнæг инæлар В.И. Казаков уотæ финста: «Дивизион, которым командовал Карсанов, благодаря личным качествам и высокой боевой выучке наносил сокрушительные удары по врагу. От огневого воздействия дивизиона пехота противника буквально обезумела, оставшиеся в живых бежали куда глаза глядят... Под Скримановым во время обстрела немецкие солдаты бежали в сторону расположения наших войск»...

Уой фæсте дивизион Истраий фалдзости дууæ суткей дæргъи федар лæудтæй знаги мотомеханизацигонд хæйтти атакити нихмæ, сæ над син æрæхгæнгæй. Агъазиау лæгдзийнадæ æма æхсардзийнадæ ке бавдиста, уой туххæй Карсани-фурт хуарзæнхæгонд æрцудæй Сурх Турусай орденæй.

* * *

Нæ идарддæри дзубандий бабæй æримисæн, Карсани-фурт журналисти хæццæ фембæлди рæстæг уæди хабæрттæ фæдбæл ци загъта, уой. Уæд ракодта мæнæ ауæхæн ахсгиаг цауи кой:

– Паддзахадон Гъæуайкæнуйнади комитет 1941 анзи 8 сентябри унаффæ рахаста гвардион-минометон хæйттæн, командæгæнæгæй исписан кодтонцæ инæлар В. Аборенкови. Уой фæсте минометон æхсæг æфсæддон хæйтти нимæдзæ цæхгæр ирæзун райдæдта. 1941 анзи декабри уæнгæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути дæрæн кодтонцæ уæхæн аст полкки æма дууæ æма дууинсæй хецæн дивизиони.

**– Зундгонд куд æй, уотемæй уе 'фсæддон хæйттæ уæлдай æхсаргинæй сæхе равдистонцæ Мæскуй бунмæ тугъдтити.**

– Адтæй уотæ дæр. Константин Рокоссовский ци 16-аг æфсадæн командæ кодта, уой рæнгъити уогæй, уæлдай хъæбæрдæр мæ зæрдæбæл бадардтон гъæу Скирманови рæбун карзæй-карздæр тугъдтитæ. Е адтæй Мæскуйæй цуппаринсæй километри идарддæр. Еуæй-еу хатт багъæуидæ, знаги танкитæй нæмæ ка 'рбахæстæг уидæ, уони комкоммæ æхсуни сæр дæр. 13 январи ба не 'фсæддонтæ гъæу байахæстонцæ, фал знаг уæддæр нæ нихмæ æрæвардта дзæвгарæ тухтæ. Нæ дивизионæн цæугæ рауадæй гъæу Даньккови размæ. Ами дæр нæ багъудæй дзæвгарæ «бакосун»...

Мæскуй бунмæ гитлеронтæ дæрæнгонд ку 'рцудæнцæ, уæд мин ихæсгонд æрцудæй 23-аг гвардион минометон полк æрæмбурд кæнун æма архайдтон Цæгат-Нигулæн фронти. Уой фæсте тох кодтон Сталинградди фронти, Дони рæбунти, разамунд лæвардтон æфсæддон къуарæн. Уоми ба уидæ аст-дæс минометон полкки. Уой фæсте еци æфсæддонти къуар равардтон Ростови бунмæ æндæр командири къохтæмæ, мæхуæдæг бабæй Мæскуй æмбурд кæнун райдæдтон 7-аг гвардион-минометон дивизи.

**– Е ба кæмити тох кодта?**

– Даргъ æма зин нæдтæбæл нæ багъудæй рацæун. Смоленск, Минск, Витебск, Каунас, Кенигсберг – æртæ мин километремæй фулдæр рауадæй æ хъазауатон нæдти дæргъæ нæ Сурхтурусагин, Кутузови, Суворови 2-аг къæпхæнти ордентæхæссæг гвардион-минометон дивизийæн, уæхæн кадгин ном нин аккаггонд æрцудæй 1945 анзи. Нæ дивизимæ ци бригадитæ хаудтæй, уони ба худтонцæ Кенигсбергаг, Сурхтурусагин...

Карсани-фурт æ тугъдонти хæццæ ци тугъдтити архайдта, уонæми сæхе уоййасæбæл æхсаргинæй равдистонцæ, æма е алкедæр хецæнæй æримисуни аккаг æй. Фал нин нуртæккæ уæхæн фадуат ке нæййес, уомæ гæсгæ си уæддæр кæцидæрти кой ракæндзинан. Зæгъæн, фескъуæлхтæнцæ Новгороди облæсти поселок Демьянскбæл агъазиау тугъди. Уой туххæй Карсани-фуртæн тугъдон Сурх Турусай орден лæвæрд æрцудæй – æ фиццаг уæхæн хуæрзеуæг; Сталинграды тугъди, æстуд немуцаг инæлар Манштейн разамунд кæмæн лæвардта, знаги еци æфсæддон къуари нимпурст Котельничнийи районы фегуппæг кæнуни, сахар Ростов знагæй исуæгъдæ кæнунбæл тугъдтити.

... Уæдмæ Карсанти Хъазбегмæ фæдздзурдтонцæ Мæскумæ, уæлдай ахсгиагдæр ихæс ин бабарæ кæнуни туххæй. Уоми ин равардтонцæ цин инæлар-майор æма ин байхæс кодтонцæ, æртæ минометон бригади кæми уодзæнæй, еци æвдæймаг гвардион минометон дивизи исаразун. Аци дивизи инæлар-майор Карсани-фурти разамундæй 1943 анзи июни бацудæй знаги нихмæ тохи æма тугъди кæронмæ æнтæстгинæй фæццудæй æ намуси нæдтæбæл. Æ дæрæнгæнæг содзгæ нæмгутæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути сæртæбæл ехуарæгау калдæнцæ Спас-Демески æма Ельняйи алфамбулай, фæстæдæр ба Смоленщини будурти, Белоруссий, Прибалтики æма Искæсæн Пруссий зæнхитæбæл тугъдтити, æнæфæуорамгæ бампурстæй байста сахар-федар Кенигсберг. Дивизи тохгæнгæй рацудæй 3,5 мин километремæй фулдæр, къуар хатти æй исхуарзæнхгин кодтонцæ ордентæй, æ командирæн ба лæвæрд æрцудæй Кутузови дуккаг къæпхæни ордени, Суворови дуккаг къæпхæни орден, тугъдон Сурх Турусай æртиккаг орден æма Сурх Турусай орден. Нæкæси, Советон Æфсади инæлартæй, Кутузови дууæ ордени кæмæ адтæй, уæхæнттæ берæ нæ адтæй.

Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Карсанти Хъазбеги æскъуæлхтдзийнадтæ цæйбæрцæбæл алæмæттаг адтæнцæ æма син цæйбæрцæбæл бæрзонд аргъгонд цудæй, уомæн æвдесæн æй е дæр, æма 1945 анзи 24 июни Мæскуй Уæлахези Парад арæзт ку 'рцудæй, уæд уоми архайунмæ е дæр хунд æрцудæй нæ бæсти номдзуддæр балхонти хæццæ – рацудæй си Прибалтики 1-аг фронти артиллеристти еугонд батальони сæргъи.

Карсани-фурт М.В. Фрунзей номбæл Æфсæддон академий кæронмæ каст фæууни фæсте командæ кодта аллихузон артиллеристон еугæндтæн, куста Æфсæддон академий, куста ма си, 1980 анзи отставки ку рацудæй, уой фæсте дæр. Æ гъæздуг фæлтæрддзийнадæй æма арф зонундзийнадтæй хайгин кодта уоми ахурдзаути æма сæ ахургæнгути дæр. Агъазиау адтæй афицерти кадрти цæттæ кæнуни, академий нæуæг æфсæддон-техникон надмæ ракæнуни, сæрмагонд лабораторги исефтонг кæнуни æма академийæн фæсахури ахургæнæн фæззæ исаразуни гъуддæгути æ архайди ахедундзийнадæ. Уомæн æвдесæн – æ тугъдон хуæрзеугутæбæл ма бафтудæй æндæр бæрзонд хуæрзеугутæ: Фæллойнадон Сурх Турусай орден, 1995 анзи нæ Цитгин Уæлахези 50-анзей кадæн Маршæл Георгий Жукови номбæл ке иснисан кодтонцæ, еци орден. Зæгъун гъæуй уой, æма æ еци хуæрзеуæги номер адтæй фæндзæймаг, гъома, не 'мзæнхон нимад æрцудæй нæ бæсти номдзуддæр æфсæддон архайгути фиццæгти хæццæ. Æ рæстæгги ма ин лæвæрд æрцудæй сахар Дзæуæгигъæуи кадгин гражданини ном, исаккаг ин кодтонцæ Иристони тæккæ цитгиндæр хуæрзеуæг – майдан «Иристони намусæн».

...Советон Цæдеси Бæгъатæр, артиллерий инæлар-майор Карсанти Дриси фурт Хъазбег æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1997 анзи 27 мартъий. Æфсæддон кадæ æма ради хæццæ 'й байвардтонцæ Мæскуй Ново-Кунцевой (Троекурово) уæлмæрдти, æ цардæмбал Галинæ Темболати кизги фарсмæ... Бæгъатæртæ æностæмæ цæруйнаг исунцæ сауæнгæ сæ фæсмæрдæ дæр, зæгъæ, ку фæззæгъунцæ, уæд е берæ цæмæйдæрти раст æй. Уотæ зæгъун æнгъезуй Карсанти Хъазбеги туххæй дæр. Абони дæр не 'хсæн æй уомæй, æма æ ном хæссунцæ Мæскуй 494-аг æма æ райгурæн гъæу Елхотти астæуккаг скъола, Алагири æма Елхотти гъæунгтæ. Цалдæр анзей размæ ба Елхотти бæрæгастæу Намуси Аллейи æвæрд æрцудæй æ бюст. Æ номерæнæн финст цæунцæ æмдзæвгитæ, зартæ...

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

**Карсанти Хъазбег уоййасæбæл æхцул адтæй æ райгурæн гъæубæстæбæл, æма ин куддæр равгæ фæуидæ, уотæ 'й æнæмæнгæ бабæрæг кæнидæ, архайдта сæ еугур гъуддæгути дæр. Æма ин ами дæр устур кадæ кодтонцæ. Аци къарти уинетæ, æ номбæл скъолай æма гъæуи Намуси Аллейи ин ци бюст, æвæрд ес, уони.**








***АЛИГЪЕРИ Данте (1265-1321), итайлаг финсæг: «Адæймагæн æ гъæнтæ æма сахъаттæй: еуæй фæуунцæ бауæри, иннетæ ба – уоди. Бауæри цидæр сахъат ку уа, уæд адæймаги бон нæй хузæнон цæрун, зæгъæн, къуру кенæ къуæтти ку уа, уæд. Уод ба зæгъæн ес, æма берæ хæттити хæранæй идзаг фæууй. Уомæ гæсгæ ’й æ мондæгтæ галеу надбæл исаразунцæ...»***



# «Æ ТÆРЕГЪÆДТÆЙ АБОНИ ДÆР ГЪÆУАМА КЪÆНДЗÆСТУГ УÆН...»


ТЛАТТАТИ Бексолтан

**Бритъиати Зариффи цардвæндаги хабæртти туххæй нæ газети раздæр дæр финстан. Фал бабæй æй уæддæр æримисæн. Уомæн æма æ тæрегъæдæй абони дæр ма гъæуама къæндзæстуг уæн, æ фæсмæрдæ си уæддæр хатир корæн. Æ рохс ном ин цитгин кæнæн. Уомæ гæсгæ мухур кæнæн, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт артист, Цæгат Иристони адæмон артист Тлаттати Бексолтани (1932-2020) имисуйнæгтæ. Æ рæстæги сæ ракодта Цæгат Иристони адæмон финсæг Даурати Дамирæн. Æма ин сæ е бацæттæ кодта нæ газети ниммухур кæнунмæ.**


ДАУРАТИ Дамир

– Мæ райгурæн гъæу Гизæли дæсæймаг къласи ахур кæнгæй архайдтон драмон къуари, гъазтон Чермени роли. Абони дæр æй нæ зонун, Бритъиати Зариффæн мæ кой еске ракодта æви мæ æхуæдæг фæууидта сценæбæл, уой. Фал мæмæ еухатт бæлвурд кедæр исминæвар кодта, æрбауайæд, дан, нæмæ, æркæсæн, радзубанди кæнæн. Мæнæн ба, раст дин ку зæгъон, уæд артисти надбæл æрлæууни гъуди мæ зæрди дæр нæ адтæй, мæхе рагацау цæттæ кодтон ахур кæнунмæ педагогон институти ирон æвзаг æма литератури хайадæмæ бацæунмæ, мæ ниййергутæ дæр æй зудтонцæ. Фал уотæ рауадæй æма мин мæ дзæбæх хестæр æмбал Гудиати Руслан еу бон мæ усхъæбæл æрхуæстæй æма мæ комкоммæ Ирон театри азгъунстмæ Зариффæмæ бахудта.

– Хуцауи хатирæй, Бексолтан, ци зин хонæн разиндтæ? – бæзгин гъæлæсиуагæй мæ ку бафарста, уæд мæ къæхтæ фæддон æнцæ, зæгъун, а нæлгоймаг æй, æви силгоймаг.

Рагацау дин æй зæгъун: уомæй фæстæмæ, мæнæ цума æцæг нæлгоймаг æй, уой хузæн адтæй мæ цæсти, Иристони уæди дзамани ци разагъди лæгтæ адтæй, уони фарсмæ ’й æ гъæйтт-мардзæ, зæгъгæ, æрæвæрæн адтæй. Хъæбæр сæрæн, рæстзæрдæ æма домагæ адæймагæй равдиста æхе æ кусти медæгæ. Е адтæй режиссер-диктатор, лæдæргæ æма зундгин диктатор, артисттæ уæхæн режиссерæн сæхуæдтæ æрдзæф фæккæнунцæ, æ хæццæ син æнцон косæн фæууй...

Еци бон мæ хæццæ радзубанди кодта, рафæрститæ мæ кодта мæ царди идарддæри нисанти туххæй, уæдта мин ниффæдзахста, исон, дан, мæмæ æрбауайæ, æз дин дууæ этюди ратдзæнæн æма кæд исарæхсай, уæд хуарз.

Æрбацудтæн, мадта ма мин ци гæнæн адтæй. Уотæ рауадæй, æма мæбæл бауувæндтæй, уоми байзадтæн, мæнæ куд фæззæгъунцæ, уоми ниффедар дæн мæ цард-цæрæнбонти.

Фиццаг бæнттæй фæстæмæ Зариффæмæ еу хуарз менеуæг рартастон: алкæмæн аргъ кодта, сæ еугуремæ дæр кастæй еци-еу хузæн цæстингасæй, æвзаргæ сæ нæ кодта, нæ адæммæ ахид куд æй, уотæ: мæнæ еу мæ хæстæг æй, мæнæ еу ба мæ зонгити фурт æй, мæнæ мин е ба идæрдтаг æй, зæгъгæ.

Зариффи рæстæг махмæ дæлæ Мæскуй аййевадæртасгутæ æма театралон критиктæ ахид цудæнцæ, алли спектаклæн дæр, сауæнгæ алли актерæн дæр хецæнæй аргъ кодтонцæ æма нин е нæ идарддæри исфæлдистадон ирæзтæн, Зариффæ цæмæйдæрти сæ хæццæ исарази уидæ, хъæбæр агъаз адтæй, еуæй-еу хатт ба Зариффæ сæ хæццæ буцæуи дæр бацæуидæ, æхе гъуди син æргом зæгъидæ нæ еугурей рази. Æма ин нæ иуазгутæ уой тухххæй уæлдай фулдæр аргъ кодтонцæ.

Æз дин зæгъун, Дамир: Зариффæ хъæбæр кадгин адтæй ами, нæхе бунæттон хецауади цæсти дæр. Ахид нæмæ æрбацæуидæ обкоми партий уæди фиццаг секретарь Æгкацати Валоди. Нæ хабæрттæ ин идæрдтаг нæ адтæнцæ, берæ цæмæйдæрти нæмæ фæккæсидæ. Мæхе рази си Зариффæ цалдæр хатти цидæр агъаз байагоридæ æма æз мæ гъос дардтон, мадта ма, зæгъун, уæхæн устур лæгтæ сæ дзурдæн куд хецау æнцæ, уомæ. Æма, баруагæс ди уæд, æ курдиæдтæ ин исæнхæст кæнидæ.

Мæнæ Билар ку райдæдта косун, уæд еци агъаз зингæ фулдæр фæцæй, е имæ æ цæстæ хъæбæр дардта, е æй берæ уарзта, æ зонундзийнæдтæн ин аргъ кодта. Цийфæнди спектакль дæр ку цæуидæ, устур дæр кенæ минкъий дæр, кенæ æ фиццаг равдисти рæстæг обкоми секретарь зали нæй, уæд æй зонæ: Иристони нæй, кæмидæр æй балций. Куддæр иссæуидæ, уотæ ба телефонæй театрмæ æнæрбадзоргæ нæ фæууидæ, еци спектакль нæуæгæй кæд æвдесдзинайтæ, зæгъгæ, рафæрсидæ. Баруагæс ди уæд, æрбацæуидæ нæмæ, кæронмæ фæббадидæ, уæдта Зариффи косæн уати æрбамбурд уийанæ æма нин æ балций хабæрттæ фæккæнидæ, уæдта спектаклмæ раздæхидæ, ци си фæццудæй æ зæрдæмæ, ци ба нæ фæццудæй, хуæздæр ка рагъазта æ роль, уони тухххæй зæгъидæ æ гъудитæ. Нæ фембæлд фæлмæн дзурдтæй фæууидæ...

– Мадта уæд æ фарс цæмæннæ рахуæстæй? Аци фарста ми фæстæдæр, цума, иронх фæцайдæ, уой хузæн æй Бексолтанмæ æнæ ратгæ нæбал фæллæудтæн, æ дзубанди ин бауорæдтон.

– Хабар уотæ адтæй... Ами, нæхемæ Иристони, адтæй Еугурцæдесон театралон æхсæнади хайадæ, Зариффæ ба æ сæргълæууæгæй æвзурст æрцудæй. Æма дæлæ Мæскуйæй аййевадон гъуддæгути тухххæй иуазгутæ ку иссæуиуонцæ, уæд нæ культури уæлдæр разамонгутæ уомæ бадзориуонцæ æма ин зæгъиуонцæ: исбоц сæ кæнун гъæуй... Еудзурдæй, еци æхсæнади харзæй сæхецæн цæсгон кодтонцæ. Фал кадæр Мæскумæ ниффинста æма уæд оргæнти косгутæ Зариффи сæ разæй искодтонцæ. Еу æнæхайири слестгæнæг си адтæй, уæртæ Хонсар Иристонæй, гъулæггагæн, æ муггаг ми феронх æй, ку ма ’й гъуди кæнинæ, уæддæр мæ еци гириззаги кой кæнун фæндгæ дæр нæ кæнуй Зариффи тæрегъæди ке бацудæй, уомæ гæсгæ. Уогæ ин æ цæститæмæ бакæсинæ, цæмæй ин мæ амонæн æнгъулдзæй æ цæстæ батъæпп кæнон...

Еудзурдæй, гъуддаг æгæр ку кодта, уæд Биларæн гæнæн нæбал адтæй, Зариффæмæ партий обкоммæ фæддздзорун кодта, æ куститæн ин устур аргъ искодта, Кади грамотæ дæр ин равардта, Иристони аййевадæн хуæрзарфиаг гъуддæгутæ ке исаразта, Ирон театр æ рæстæги никки бæрзонддæр къæпхæнмæ ке исхизтæй æ рæстæги, уой тухххæй. Еудзурдæй, Билар æй кæдзосæй рарвиста, фæстæдæр ба ин хуарз пенси искодта.

Еци гъуддаг кедæр зæрдæмæ нæ фæццудæй æма гъаст балæвардта ами нæхемæ, уæдта Мæскуй оргæнтæмæ дæр.

– Нæ зонис, ка адтæй, уой?

– Зонун æй, фал дин æй нæ зæгъдзæнæн... Е, Хуцауæй арази, рамардæй, уогæ ба адтæй нæхе косгутæй... Е аци слестгæнæги зæрдæмæ над иссирдта, æ хæццæ бадзубанди кодта, нæуæгæй, дан, Зариффи гъуддæгутæ ракъахæ, зæгъгæ. Æма еци лæгъуз æ уодæй-уод кодта.

– Æма ин уанæбæрæг ци кодта Зариффæ, æ маст си цæмæ гæсгæ иста?

– Æ бунатмæ ин гъавта, æ бунатмæ!.. Еу хабар ма дин уæхæн ракæнон, уæдта нæ дзубанди рахъæртун кæндзинан.

Балойæн æ зæрдæ ристæй æма æфсæнвæндаггон сæйгæдони нихъхъан æй. Æ сиахс Тъурити Махари хæццæ имæ, рабæрæг æй. кæнæн, зæгъгæ, рандæ ан. Кæсун, æма, мæнæ дин рамардæй, зæгъгæ, кæмæй загътон, Зариффи бунатмæ ка гъавта, е, уæдта ма нæмæ еу нецæййаг директорæй ка куста, етæ дууемæй Балой палатæй рауадæнцæ. Цума нæ еске дзармадзанæй фехста, уой хузæн фæцан. Етæ ба уæхæн тухст уавæри адтæнцæ æма нæ уингæ дæр нæ фæккодтонцæ. Мах нæ бацуди Балой хъæбæр мæстгунæй баййафтан, æ хуссæн дæр ма зир-зир кодта. Ци хабар æй, зæгъгæ, æй ку рафарстан, уæд нин уотæ бакодта, мæнæ, дан, нуртæккæ ардигæй ка расæррæтт кодта, етæ мæ Зариффи нихмæ ардудтонцæ: «Куд мæмæ бандиудтонцæ, Зариффæ уæхæн кæдзос адæймаг ку ’й, æ уодбæл ку некæд аурста, нæ ин бийнонтæ ес, нæ цæуæт, неке, æма уотемæй мæнæ хæрæги куст ку кæнуй, уæд æз æ нихмæ ци хузи гъæуама радзорон. Мæнæн мæ къохи ци бафтудæй, етæ Зариффи фæрци ку ’нцæ... Æ бунатмæ, дан, æз гъæуама бацæуон...»

Еудзурдæй, еци æдзæсгон лæг еци слестгæнæги хæццæ исæмдзæхдон æнцæ, зилдæнцæ, актертæй берети сæхердæмæ раздахтонцæ, æз æма ма си Бекъойти Гоги байзадан, зудтонцæ ’й, сæ уайæнти ке нæ рауайдзинан, уой. Æхца кæмæндæрти равардтонцæ æма сæ балхæдтонцæ.

Цæмæ ’й фудгин кодтонцæ? Еци театралон æхсæнади уæд секретарæй куста Хаситæй еу нецæййаг. Зариффæ ибæл æууæндтæй, фал ибæл е ба гадзирахаттæй цудæй æма æ сосæггай секкаг гæгъæдитæ аразта, актертæн си еуетæн сæ къохтæ æрæвæрун кодта, гъома, мæнæ уæхæн æма уæхæн гъуддаг исаразтан, зæгъгæ. Цума, æригæнтти сæ дæснийадæбæл кенæ фехтованибæл æма уотæ æндæр цæбæлдæрти идарддæр ахур кодтонцæ æма ефтонггæрзтæ мадзал кодтонцæ. Æцæгæй ба кæнгæ неци, уотемæй сæхецæн дæр æхцатæ амал кодта, актертæн си цидæртæ дæр лæвардта...

Актертæ сæ еугурдæр тæрхони бони зали адтæнцæ, сæ еугурей дæр фæффарстонцæ. Зариффæ ба, мæгур, æ сæрæн неци зудта, цæмæй æй фудгин кодтонцæ, етæ арæзт цудæнцæ уой фæсауон, æндæра е уæхæн рæдуд æхебæл не ’руагътайдæ. Еци æдзæсгон миутæ аразгутæ ин æ къохæвæрд уотид кæдзос гæгъæдибæл æвæрунмæ уотæ исарæхстæнцæ, æма ’й эксперттæ дæр тухххæйти рартастонцæ. Сæ еугур азуймæгтæ дæр Зариффи рагъмæ багæлстонцæ, слестгæнгутæ кенæ барæй, кенæдта сæ æбæрнондзийнади фудæй, кæронмæ не ’сбæрæг кодтонцæ æма айдагъдæр Зариффи исфудгин кодтонцæ.

Уой фæсте ма, уæд министр ка адтæй нæ культурæн, е бæргæ бауайæ-бауайæ кодта оргæнти косгутæмæ, цæмæй Зариффæн еу минкъий фæййагъаз кæнонцæ, фал уæдмæ байрæги æй, уобæл раздæр гъуди кæнун гъудæй. Сугъзæрийнæ хъæматæ, æндæр хъазар лæвæрттæ ин ку æлхæнун кодтонцæ сæхе номæй, цидæр «цитгинти» барæвдаунæн, гъуди кæнун уæд гъудæй.

Зариффæ ба уæд нæдæр хецауади, нæдæр ба æ инæлар æнсувæри гъудæй... Цалинмæ ахæстдони бадтæй, уæдмæ ин æ цæрæнуат байахæстонцæ, сæхе номбæл æй ракодтонцæ. Æнсувæр дæр имæ фæххæран æй, нæ муггаги, дан, нин фæхходуйнаг кодта... Уотæ зæгъуни размæ бал гъуддæгутæ бæлвурддæр базонæ, уæдта искæрдæ, æгирид неци, дæ хуæрæ ку æй, дæ къох ибæл цæмæн исистай, æ рæстдзийнадæ бал ин исбæрæг кænæ...

Раст зæгъун гъæуй, Зариффæбæл уæддæр кадæртæ тухстæнцæ. Нæ синхаг республикæ Цæцæни аййевади косгутæ, мæнæ нæхе театрæртасæг Маринæ Литвиненко, Уæтати Бибо... Мæскумæ дæр ниффинстонцæ, нæхе хецауадæмæ дæр, æ сæрбæл рахуæстæнцæ.

Ахæстдони фæсте ма Зариффæн æ хæццæ исæмбалдтæн... Уæдмæ бахъæрæу æй. Ку уидтайдæ æ цæститæй, уæд фæууидтайдæ, æз, нæлгоймаг уогæй, цæйбæрцæбæл лæмæгъ разиндтæн, мæ цæстисугтæ мæ фурзæрдхъурмæй мæ ростæбæл куд уадæнцæ, куд ин тæрегъæд кодтон, уой.

Ку фæззиан æй, уæд, æ ихæс кæмæн адтæй, уонæй æ кири уæлгъос дзорун неке кумдта æма уæд æ цæрæн хæдзари тургъи дæр, уæдта ин Ирон театри æрбацæуæни постаментбæл æй æ кири ку æрæвардтонцæ, уæд уоми саударæн митинги дæр еци ихæс æз мæхемæ райстон. Адæм ибæл мæ радзубандийæй уотæ хъæбæр фæккудтæнцæ, æма уони богъ-богъмæ мæхе зæрдæ дæр æ фурристæй æ бунати ниддиз-диз кодта. Хумæтæг адæм си æгæрон берæ адтæй, хецауадæй ба си неке адтæй.

Раздæр æй Дзæуæгигъæуи еумæйаг уæлмæрдти байвардтонцæ. Е раст нæ адтæй, уой ку балæдæрдтæнцæ «бæрзонди бадгутæ», уæд æй цубур рæстæги фæсте Дзæуæгигъæуи Намуси Аллейæмæ ’рбахастонцæ. Е ке хъæппæрес адтæй, уой дин бæлвурддæрæй радзориуонцæ, еци гъуддаг исаразуни ка архайдта, етæ...

* * *

***РЕДАКЦИЙÆЙ:***

*Аци æрмæг ма уомæ гæсгæ дæр мухур кæнæн, æма Бритъиати Зариффи рохс ном нерæнгæ, куд федауй, уотæ æнхæстæй цитгингонд нæма ’рцудæй... Е кæмæй аразгæ ’й, уони уомæ нæ евдæлуй, нæ национ культурæмæ æгириддæр ка неци барæ даруй, уæдта ин æ райрæзтæн дæр æгириддæр ка неци исаразта, уони уæлиауæй-уæлиаудæр цитгин кæнунæй...*

**Аййевæдти Еугурдуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 15 апърели аллихузон равдиститæй, музейтæмæ æма галерейтæмæ сæребарæй цæуни равгитæ аразунæй.**

ПОД ОСТРЫМ УГЛОМ


Госпитальное кладбище


Мещанское кладбище

# СТРЯХНЕМ ЖЕ ПЫЛЬ С ЗАБЫТЫХ НАМИ ИМЕН

Это колокол памяти взывает к нашей совести. Услышим ли мы его?..

Недавний сильный пожар на Госпитальном кладбище Владикавказа, продолжавшийся несколько часов и сопровождавшийся выбросами на сотни метров клубов дыма, заставил заволноваться горожан, и без того напуганных каждодневной угрозой украинских БПЛА. Пожарные, присвоившие пожару повышенный ранг сложности, успокоили население: риска здоровью и жизни сограждан нет, сухостой на площади около трех гектаров выгорел дотла.

Однако яркое пламя пожарища высветило самый неприглядный уголок по ту сторону парадной жизни официального Владикавказа: формализм. И вновь выпростало на первый план общественного внимания десятилетиями саднящую проблему старых захоронений на Госпитальном и Мещанском кладбищах столицы республики. Не одно поколение городских бюрократов пыталось закатать под асфальт память о людях, достойных поклонения все новых поколений, стоящих на их плечах.

Два века назад на окраине Владикавказа, – не в самом живописном его месте вблизи завода «Кавцинк», – отвели обширные бросовые земли под воинские захоронения. И с той поры кладбище обрело высокий статус воинского. Здесь покоятся нетленные останки участников нескольких кровопролитных войн: русско-японской, Первой мировой, Великой Отечественной... За два века его трижды сносили и трижды захоранивали вновь, потому что свободный квадрат земли в городской черте год от года рос в цене на нелегальном рынке застройщиков со скоростью сорняка.

В начале 60-х городская власть Орджоникидзе объявила наконец-то кладбище вне закона, сняв с себя и с кого бы то ни было еще ответственность за сохранность этого исторического места. Хотя по мере возвращения общественного сознания к этой нравственной боли «отцы города» активно имитировали сочувственность. Как и в случае, ставшим причиной полыхнувшего недавно пожара: весной прошлого года волонтеры прибрались на братской могиле жертв Великой Отечественной войны, но на большее сил у них уже не хватило. Вымахавшая в рост человека сорная растительность, усохнув, стала пороховым зарядом, уничтожившим оставшиеся могилы героев. И это в год 80-летия Великой Победы. И это в контексте усилий Владимира Путина сблизить по значимости подвиги русских солдат двух мировых войн, чтобы хоть как-то сузить межу, которая пролегла по живому в России после Гражданской войны.

На Мещанском кладбище, ставшим затем погостом внутри ограды Ильинской церкви, хоронили только самых уважаемых граждан Владикавказа, как до революции, так еще и в 30-х годах прошлого столетия. Пару лет назад мы отыскали могилу одного из выдающихся людей Осетии и нашего родственника, Георгия Михайловича Цаголова, оставшегося в памяти литературоведов наряду со всеми другими благодаря пронзительному стихотворению на смерть Коста Хетагурова, прочитанному им на могиле великого поэта в день его похорон. Мы восстановили надмогильный памятник нашего предка.

Десяткам других захоронений вокруг повезло в меньшей степени и часть из них уже безвозвратно и при попустительстве той же РПЦ все же оказалась под асфальтом. И это дало повод городской власти год назад вновь заговорить о «бульдозерном» решении проблемы. А ведь помимо места паломничества горожан – могилы блаженной старицы Анастасии на Мещанском кладбище есть и могилы других замечательных людей, еще до недавнего времени встречавшихся в школьных учебниках истории родного края.

Часть кладбищ старого Владикавказа, который мы так любим в облике его первого Александровского проспекта, уже давно поросли бурьяном: Северное кладбище, Русское кладбище... Другая часть: Еврейское и Иноверческое кладбища дожидаются той же участи. И хотя все это происходит в рамках существующих законов, становится жутковато от мысли, что от нас с вами вскоре не останется на поверхности земли и следа. А ведь можно, наверное, и в этом случае найти компромисс между интересами государства и гражданского общества?

В прошлом году над могилой одного из величайших русских писателей зарубежья, осетина Гайто Газданова и в целом над именитыми русскими захоронениями на парижском мемориальном кладбище Сент-Женевьев-де-Буа нависла угроза банкротства и уничтожения. После длительных проволочек с парижской мэрией проблема была решена, будем надеяться, навсегда. Достопримечательность Парижа была сохранена. Такими достопримечательными местами Владикавказа, замахнувшегося на лавры туристической мекки Северного Кавказа, могли бы стать и наши городские кладбища. Ведь одно только Мемориальное кладбище-пантеон «Аллея Славы», где захоронены большей частью выдающиеся люди республики, не может вобрать в себя всю славу нашего народа. И ведь далеко не всегда высокие государственные отличия бывают заслуженными. «Чины людьми даются, а люди могут обмануться»,– справедливо отмечал еще Александр Андреевич Чацкий. И если с определенным интересом побродить в старой части того же Ново-Осетинского кладбища, можно набрести на такие каменные свидетельства из прошлого, от которых кровь вспенится в жилах.

Так почему бы нам с вами, у которых культ мертвых оживает накануне каждой Пасхи, не озаботиться новыми формами патриотического воспитания подрастающих поколений, нацеленных большей частью на то, чтобы получить от жизни максимум удовольствия? Почему бы не смахнуть пыль с незаслуженно забытых нами имен выдающихся тружеников заводов и фабрик, ученых и педагогов, государственных и общественных деятелей, канувших в Лету? И в прямом значении этого не счистить коросту забвения с их могильных памятников.

Ведь то, чем занимаются сейчас уважаемые нами Советы ветеранов войны и труда, Аланты ныхас и бесчисленные другие общественные организации, большей частью, к сожалению, как коньками по твердому льду. Одни и те же ораторы, одни и те же слушатели, одни и те же залы, лозунги, слова без дела... Изо дня в день мы усиленно агитируем «за советскую власть» тех, кто в этом не нуждается. А те, кто в этом нуждается, идут бездумно взрывать по заданию СБУ военкоматы и железнодорожные пути. Разве может это быть ценой всех наших пропагандистских атак на ветряные мельницы, которые мы принимаем за информационные войны, происки межнациональной розни, попытки откровенного террора? Все истинно причинное лежит гораздо глубже, в заблудших душах людей вне пределов нашей досягаемости. И мы год за годом выпускаем из наших вузов инфантов, не способных переложить на себя со стариков ответственность за общество. А студенческое самоуправление – эта школа взросления, все также пугает наших ректоров, привыкших к единовластию.

Так и не решившись на идеологическую составляющую Основного закона страны, мы не способны выстроить вертикали гражданского взросления молодежи, адекватные той же пионерии или комсомолии. Но не успевают первые капли дождя упасть на Старую площадь, как мы в провинции начинаем лихорадочно открывать свои бюрократические зонтики. Откуда же тогда браться созидательной инициативе избранников народа, сидящих в уютных депутатских креслах? А ведь та же идея «Бессмертного полка» родилась далеко от Москвы, но столица поняла и безоговорочно приняла этот почин: Россия всегда прирастала глубинкой. И неважно уже, кто был первый: «Бессмертный полк» – общенародное достояние.

У нас в республике есть достойные продолжатели подвижнического образа жизни замечательных в недавнем еще прошлом краеведов Генрия Кусова и Таймураза Плиева; Роальд Каупуш, Константин Попов, Марина Плиева, Феликс Киреев, Андрей Донченко... Вот, кто мог бы стать первыми разработчиками туристических экскурсий по погостам, приравненным к историческому и культурному наследию нашего народа.

Вот, на что можно было бы нацелить и реанимированное государственное книжное издательство «ИР», а также государственные средства массовой информации, барражирующие без руля и ветрил мимо насущных проблем простого народа.

«Стряхните пыль с черкесок, осетины!»– взывает к нам поэт Чермен Дудаев. Да только ли одни осетины?!

*Олег ЦАГОЛОВ*

### ЦИТАТА ПО ПОВОДУ



**Известный журналист Марлен КРЮКОВ в советское время многие годы проработал собственным корреспондентом главной в то время в стране газеты «Правда» по Северному Кавказу. И он достаточно хорошо знал обычаи и традиции наших народов, чьи нравственные устои во многом определяли содержательность его публицистики. Из его книги «Жить по совести» приводим и эту цитату: «Понятие совести – понятие нравственное, корневое… Совесть – внутренний голос человека. Должно быть стыдно, если ты поступаешь плохо. Это вот «стыдно» Салтыков-Щедрин называл драгоценнейшей способностью человека. Способностью «сгореть», «провалиться сквозь землю», если поступил дурно…»**

**День мецената и благотворительности в России отмечается 13 апреля. Отметим ли мы его благими делами?..**

*ХЕТÆГКАТИ Геуæрги (1903-1975), Советон Цæдеси Бæгъатæр, æфсади инæлар: «Алцæмæй æнхæст æфсæддонæн исгъомбæлгæнæн нæййес, не 'фсади евгъуд æхсаргин цаутæмæ æргом æнæздахгæй. Æма æригон æфсæддон æнхæстæй ку балæдæра, æхемæ ке райста æма идарддæр ке хæссуй хестæр фæлтæрти тугъдон кадæ, айдагъдæр гъеуæд сæрбæрзондæй æма зæрдæхцæуæнæй æнхæст кæндзæнæй æ уæззау æфсæддон куст».*

## ЛÆГАУ ЛÆГ Æ АДÆМИ РАЗИ ÆХЕ ИХÆСГИНБÆЛ НИМАЙУЙ!..



# «ÆЗ ФИДИБÆСТÆ ГЪÆУАЙГÆНÆН ДÆН!..»

Уæхæн нифси хæццæ раздæри рæстæгути дæр цудæнцæ æма нур дæр цæунцæ нæ Фидибæсти Æфсади рæнгъити сæ цитгийнаг ихæс æнхæст кæнунмæ.

Мæнæ бабæй 1 апърели райдæдта æфсади рæнгъитæмæ фæдздзурди кампани. Иннæ хæттитæй уæлдай еци гъуддаги ци нæуæгдзийнæдтæ фæззиндтæй, уони фæдбæл æй сæ дзубанди Цæгат Иристони æфсæддон комиссар, болкъон **Владимир Скоморохи** æма комиссаради граждæнти æфсæддон службæмæ цæттæ кæнун æма фæдздзурди хайади хецау, дæлбокъон **Козати Батрадзæн**.

Уалдзигон кампаний республики æфсади рæнгъитæмæ фæдздзордзæнæнцæ 700 адæймагемæ, еци нимæдзæ иснисан кодта зилди штаб. Республики алли муниципалон исконди дæр косунцæ æфсадмæ фæдздзурди фараст къамиси. Уой туххæй республики æфсæддон комиссар уотæ зæгъуй:

– Æфсæддон ихæс æнхæст кæнун æма æфсæддон службы фæдбæл закъонмæ гæсгæ фарæ 1 январæй 18 анземæй 30 анзей уæнгæ нæлгоймæгтæмæ фæдздзордзæнæнцæ æфсадмæ. Службæ кæнуни æмгъуд æйййивд не 'рцудæй æма раздæри хузæн æй еу анз, – зæгъуй Владимир Александри фурт. Нæуæгдзийнæдтæбæл дзоргæй бафеппайдта, аци кампани ке цæудзæнæй, паддзахадон информацион системæ «Единый реестр военного учета»-йæй пайда кæнгæй. Хаст имæ 'рцудæнцæ, Уæрæсей æфсæддон хигъди æвæрд ка цæуй æма æфсæддон комиссарадти граждæнти хигъди æвæрунæн æма сæ исесунæн, уæдта электронон хунди игъосункæнуйнæгтæ граждæнтæбæл парахат кæнуни информацион хизæ. Хунди гæгъæдитæ, фиццаги хузæн, æрветдзæнæнцæ гæгъæдибæл дæр.

– Æфсадмæ ке байагурдтонцæ, уони фæндуй зонун, циуавæр æфсæддон зилдтæ, хузтæмæ æрвист цæудзæнæнцæ, уой. Аци фарстайæн æфсæддон комиссар равардта уæхæн дзуапп:

– Нæ республики æфсадмæ агурд ка 'рцудæй, етæ æрвист цæудзæнæнцæ Уæрæсей еугур регионтæмæ дæр, службæ кæндзæнæнцæ фестæг æфсæдти, уæлдæфон-космосон тухти æфсæддон хæйтти, Уæрæсей æфсæддон-денгизон хæйтти. Æ физикон æма моралон цæттæдзийнадæ бæрзонд кæмæн уа æма е 'нæнездзийнадæ кæмæн амона, еци 30 лæхъуæни ба сæ тугъдон ихæс æнхæст кæндзæнæнцæ уæлдæфон-десантон æфсæдти. Æфсæддон комиссарадтæбæл ма ихæс æвæрд ес, Национ гварди æма Æнæнгъæлæги цаути фæдбæл министради дæлхæйттæмæ æрветун.

Сæрмагонд æфсæддон операций архайунмæ, уæдта нæуæг зæнхитæмæ еу дæр си æрвист не 'рцæудзæнæй. Е æй Уæлдæр сæйраг командæгæнæги унаффæ æма цийфæндийæй дæр ихæлд не 'рцæудзæнæй, – балæдæрун кодта республики æфсæддон комиссар.

Медицинон æркасти, кæмæ фæдздзурдтонцæ æфсадмæ, еци гражданин е 'нæнездзийнади фæдбæл гæгъæдитæ ку æрбахæсса, кенæдта дохтири амундмæ гæсгæ сæйгæ ку разинна, уæд æй рарветдзæнæнцæ, æфсæддон комиссарадæ ци сæйгæдæнтти номхигъд исфедар кодта, уоми дзæбæх кæнунмæ. Айдагъдæр уой фæсте исбæрæг уй, бæззуй службæ кæнунмæ, æви нæ, е.

Комиссаради граждæнти æфсæддон службæмæ цæттæ кæнун æма фæдздзоруни хайади хецау, дæлболкъон Козати Батрадз:

– Æфсадмæ кæмæ фæдздзурдтонцæ, уомæн ес гæнæн æмгъуд рæстæгмæ раргъæвунæн. Еци хатдзæг искæнуй къамис, гражданин ци гæгъæдитæ 'рбахæссуй, уони хæццæ ку базонгæ уй, уой фæсте. Ке раргъæвунцæ, уони дех кæнунцæ цалдæр къуаребæл: æнæнездзийнади уавæрмæ гæсгæ (анзи æмгъудмæ), бийнонти уавæрмæ гæсгæ (уати сæйгæмæ зелун, æ кæстæр хуæртæ æма æнсувæртæмæ зелун, æнæ мадæй сувæллон гъомбæл кæнуй, æртæ анзей уæнгæ инвалид-сувæллон ин ес, дууæ, кенæ фулдæр сувæллæнтти фидæ 'й). Аци къуармæ хаунцæ пъæлиций, зингисервæзти нихмæ службы, ахæстдони, таможни, нацгвардий косгутæ цалинмæ бунати сæ ихæстæ æнхæст кæнонцæ, уæдмæ, уæдта цалинмæ аци ведомствити уæлдæр скъолати ахур кæнонцæ, уæдмæ. Службы æмгъудмæ хаст цæуй Уæрæсей Паддзахадон Думи, субъектти закъонæвæрунади æма муниципалон искондти депутаттæн. Астæуккаг æма профессион ахурадæ райсунæн дæр службæмæ цæуни æмгъуд раизолдæр кæнунцæ. Дæснийадæ райсуни фæсте уæлдæр скъола фæууни туххæй æфсадмæ цæуни æмгъуд æргъæвд нæ цæуй. Уæхæн барæ ма ес, æнæбари æ цæрæн бунæттæ ниууадзæг граждæнтæ æма АЙТИШНИКтæн.

Хайади хецау æрлæудтæй æфсæддон службæмæ кæнун ке не 'мбæлуй, еци граждæнтæбæл. Уонæмæ хаунцæ: е 'нæнездзийнадæ кæмæн нæ амонуй æфсæддон службæ ка кодта, кенæ кæнуй; альтернативон граждайнаг службæ ка кодта, кенæ кæнуй, уæдта еугурдуйнеуон бадзурдмæ гæсгæ æндæр паддзахади ка службæ кодта, етæ. Æфсæддон службæй уæгъдæгонд цæунцæ паддзахадон наукон аттестаций ахургонди къæпхæн кæмæ ес, е 'фсæддон ихæс æнхæст кæнгæй, ка фæммард æй, уони фурттæ. Ахæстдони ка бадуй, уæдта тæрхонмæ ка æнгъæлмæ кæсуй, еци граждæнти дæр æфсадмæ нæ кæнунцæ.

Е 'ууæнкæдзийнадæ кæмæн нæ амонуй, Уæрæсей бунæттон минкъий адæмихатти минæвар ка æй, уонæн фадуат ес альтернативон службæ кæнунæн, фал е 'мгъуд 1,75 хатти фулдæр æй æма исхезуй 21 мæйей уæнгæ. Кæд æма сæ альтернативон службæ Уæрæсей æфсæддон тухти организацити цæуа, уæдта – 18 мæйи. Фæккарздæр æнцæ, æфсадмæ цæунæй æхе ка тиллеф кæнуй, уони æфхуæруни мадзæлттæ. Хунди гæгъæди райсгæй, æнæ рæуонæй комиссарадæмæ ка нæ фæззиннуй, етæ административон ивар дæс минемæй ба дæс æма инсæй мин сомей уæнгæ бафедунцæ. Æфсадмæ цæунбæл æхе ка фæттиллеф кæнуй, еци граждæнти Уæрæсей Уголовон кодексмæ гæсгæ бафхуæрунцæ 200 мин сомемæй сæ ивар кæнгæй, кенæ ба син раттунцæ дууæ анзи ахæстдони фæббадуни æмгъуд.

Паддзахадон граждайнаг æма муниципалон службæмæ косунмæ бацæунмæ æма цæрди бæрзонд æмвæзадæмæ исхезунмæ ка тундзуй, уонæн æфсæддон цæрд кадгин æма æнæмæнгæгъæугæ рæстæг æй сæ цæрди. Федæни Фидибæстæ гъæуайгæнгутæн нæ зæрдæ зæгъуй æнæнездзийнадæ, фулдæр æууæнкæ сæхебæл æма æнтæстгинæй баслужбæ кæнун Райгурæн бæсти сæрбæлтау!

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.**

***Нæ газети абониккон номери æрмæгутæн сæ фулдæреми нæ историон зæрдæбæлдаруйнади туххæй ке цæуй дзубанди, уомæ гæсгæ равзурстан мæнæ аци фарстатæ дæр.***

**1. Уæрæсей паддзах Александр Дуккаги фурттæй æ фиди хузæн террористти къохтæй фудæбон ка бавзурста?**

а) Георгий. б) Павел. в) Сергей.

**2. Парашюти хæццæ некæд рагæпп кодтон, зæгъгæ, уæрæсейаг космонавттæй ка басастæй?**

а) Виктор Савиных. б) Алексей Леонов. в) Борис Волынов.

**3. Англий къарол-силгоймаг Елизавета Дуккаг советон спортсментæй «тæккæ хуæрзуиндгундæр футболист», зæгъгæ, ке исхудта æма ин цайцумæн сервиз балæвар кодта?**

а) Николай Старостин. б) Эдуард Стрельцов. в) Валерий Воронин.

**4. Мæскуй аййевадон академион театри (МХАТ-и) номдзуд архайгутæй, Советон Цæдеси адæмон артистките æнæгъæнæ Уæрæсей Патриархтæй æртей хæццæ лимæн рахастдзийнæдтæ кæмæн адтæй?**

а) Анастасия Зуева. б) Ольга Книппер-Чехова. в) Фаина Шевченко.

**5. Санкт-Петербурги музейтæй кæцими æрбунат кодта номдзуд Фабержей Музейи экспозици?**

а) Строгановаг. б) Михайловаг. в) Шуваловаг.

**6. Æфсæддон нисанеуæг кæмæн адтæй, еци федар «Мæздæг»-æн фæстæдæр лæвæрд æрцудæй сахари ном. Кæци анзи æрцудæй еци цау?**

а) 1760. б) 1770. в) 1780.

**7. Уæрæсей императори фæндонæй М.С. Воронцовæн лæвæрд æрцудæй барæ Иристони исаразун кустуат, «Алагири æвзестæ-издий завод», зæгъгæ, номи хæццæ. Кæци анзи æрцудæй еци цау?**

а)1845. б)1850. в)1860.

**8. Нæ фидибæстон номдзуд финсгутæй ка загъта уотæ: «Æнæ естæбæл кенæ ескæбæл æууæндгæй адæймагæн цæрæн нæййес?..»**

а) Антон Чехов. б) Лев Толстой. в) Иван Крылов.

**Нур ба раст дзуæппитæ нæ газети номери мухургонд фарстатæбæл:**

1. Сергей Рахманинов. 2. Казань. 3. Зурнæ. 4. Николай Островский. 5. Везувий. 6. Силгоймагмæ. 7. Леонид Сметанников. 8. Михаил Пришвин.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службы Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 787**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 11.04.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 11.04.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**